

**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Mhuri Dzinokwanisa Kuva Pamwechete Narinhi

Simba rehupirisita rekusunganidza mhuri nekusingaperi ndiro rimwe rezvipo zvikuru-kuru zvaMwari. Munhu wese anonzwisa chironywa cheruponeso anoshuvira chipo ichocho chekusingaperi. Chete mumhemberero dzekusunganidzwa dzinoitwa mumatemberi akakumikidzwa eChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira ndimo munopihwa naMwari vimbiso yekuti mhuri dzinokwanisa kusunganidzwa pamwechete narinhi.

Makiyi ehupirisita ayo anoita kuti izvi zvikwanisike akadzorera kunyika nemuporofita Eria kuna Joseph Smith muTemberi yeKirtland. Makiyi ehupirisita iwayo akagadzwa kuvaporofita vanorarama mukutevedzana kwavo muChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira kusvikira nhasi.

Muponesi muhushumiri Hwake hweupenyu hunofa akataura nezvesimba rekusunganidza mhuri mumazwi kuna Petro, muApositora Wake mukuru, apo paAkati, “Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Zvose zvamunosungapanyika, zvichasungwa kudenga: nezvose zvamunosungurapanyika zvichasunungurwa kudenga” (Mateo 18:18).

Muhumambo hweserestiyaro chete ndimo matinokwanisa kugara mumhuri narinhi. Imomo tinokwanisa kuva mumhuri pamberi paBaba vedu Vekudenga neMuponesi. Muporofita Joseph Smith akatsanangura chiitiko chinoshamisa ichocho nenzira iyi muDzidziso neZvibvumirano:

“Paachazviratidza Muponesi tichamuona sezvaari. Tichaona kuti munhu akaita sezvatakaita isu.

“Uye naiko kufambidzana kuripo pakati pedu pano, kunenge kuripo ikoko, chete kunenge kwakasangana nekubwinya kwokusingaperi, uko kubwinya kwatisina iyezvino” (D&Z 130:1–2).

Chinyorwa chitsvene ichi chinotaura kuti tinokwanisa kuva neruvimbo apo patinoedza kumisa mwero wehunu hwekudenga muhukama hwedu mumhuri dzedu. Tinokwanisa kutaririra zvakanwana nhengo dzemhuri dzedu, vapenyu nevakafa, kuti tiite zvose zvatinokwanisa kuvapa zvisungo zvehupirisita zvinozotisinganidza kudenga.

Vazhinji venyu ,vadiki nevakuru, vari kuita izvozvo. Makatsvaga mazita emadzitateguru avo vasati vagashira zvisungo zvinokwanisa kukusunganidzayi pamwechete.

Vazhinji venyu mese mune hama dzinorarama dzisati dzasunganidzwa mumhuri nesimba rehupirisita. Vazhinji vane hama dzinorarama dzakagashira zvisungo zvehupirisita asi havasikuchengeta zvibvumirano zvavakaita naMwari. Mwari vachakupafadzai zvekuti munozokwanisa kuva nerutendo apo pamunenge muchibatsira kuyamura hama dzose idzodzo (mukuchengeta zvibvumirano zvavo). Munevimbiso iyo inoitwa naIshe kuvadzidzi Vake vanoshanda kuunza vamwe kwaVari:

“Uye ani zvake achakugashirai, ipapo ndichavepowo, nokuti ndichaenda pamberi pehuso hwenyu. Ndichange ndiri kurudyi rwenyu nokuruboshwe, Mweya wangu uchange uri mumwoyo yenyu, uye ngirozi dzangu dzakakukomberedzai, kuti dzikusimudzirei pamusoro.” (D&Z 84:88)

Nepafasitera rehofisi yangu ndinoona vamwenga ne-
wawani mazuva ose vachitorwa mifananidzo yavo pakati
pamaruva akanaka nezvitubu zvinodira mvura mudenga.
Muwani kazhinji anotakura mwenga wake mumaoko
ake, kwezvinhano zvishoma zvekutsatsarika, apo mutori
wemifananidzo paanenge achitora mifananidzo yemu-
chato. Nguva dzose pandinoona izvi, ndinofunga vaviri
vakawanana vandinoziva avo mukufamba kwenguva—
dzimwenguva munguva pfupi pfupi mushure mezuva
remuchato wavo—vakatakurana nedzimwe nzira apo
upenyu pahwakaoma. Mabasa anokwanisa kurasika.
Vana vanokwanisa kuzvarwa vaine mamiriro anonetsa ku-
tarisana nawo. Hurwere hunokwanisa kuuya. Uye zvino,
tsika dzinosanganisira kuita kune vamwe sezvatinoda kuti
vaite kwatiri—pazvaiva nyore kuita izvozvo—dzinozotiita
kuti titaridzike sevashingi panguva idzodzo dzakaoma apo
kubata vamwe zvakanaka pakunoda simba rakawedzerwa
kupinda ratinofunga kuti tinaro.

Mhuri dzedu dzinokodzera kubva kwatiri rudzi rwehu-
kama hwatinokwanisa kuenda nahwo pamberi paMwari.
Hatifanire kugumbura kana kusarudza kugumburwa.
Tinokwanisa kusarudza kuregerera nekukurumidza uye
zvazazara. Tinokwanisa kuedza kuita kuti vamwe va-
fare kudarika kuedza kwatinoita kuzvifadza pachedu.
Tinokwanisa kutaura nevamwe zvinetsitsi. Apo patinoe-
dza kuita zvole zvinhu izvi, tinozokoka Mweya Mutsvene
mumhuri dzedu nemuupenyu hwedu.

Vimbiso yangu kwamuri ndeye kuti, nerubatsiro
rwaIshe uye nemwoyo ine kutendeuka kwechokwadi,
tinozowana kunzwisisa kudiki muupenyu huno kwerudzi
rweupenyu hwatinoda kuvanahwo narinhi. Baba veKude-
nga Vanotida. Vanoda kuti tidzokere kwaVari. Muponesi,
kuburikidza nesimba reRudzikinuro Rwake, anokwanisa
shanduko yemumwoyo medu yatinofanira kuita kuitira
kuti tikwanise kupinda mumatemberi matsvene, kuti tiite
zvibvumirano zvatinokwanisa kuchengeta, uye pekupe-
dzisira tigogara mumhuri narinhi mukubwinya kweseresti-
yaro—uye tigova kumusha zvakare.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Apo paunogovera dzidziso yemhuri dzekusingaperi,
funga vakataurwa naGosa Richard G. Scott veChikwata
cheVaapositora Gumi neVaviri kuti: “Nguva dzose
tsvaga kusimbisa mhuri. Iva nemafungiro ekusingaperi

apo paunodzidzisa pamusoro pekukosha kwekusunga-
nidzwa kwemhuri mumatemberi. . . . Apo paunova
nemafungiro ekusingaperi anosanganisira zvisungo
zvekusunganidzwa zvetemberi, unozobatsira kuvaka
humambo hwaMwari panyika” (“I Have Given You an
Example,” *Liahona*, Chivabvu 2014, 34). Ungabatsire sei
avo vaunodzidzisa kuti vakudziridze mafungiro ekuko-
sha kwekusunganidzwa mutemberi? Koka avo vasati
vasunganidzwa kuti vakurukure nhano dzavanga-
kwanise kutora vakananga kuchisungo ichocho. Koka
avo vakasunganidzwa kuti vakurukure machengetero
avangakwanisa kuita chiratidzo chemhuri yavo yeku-
singaperi uye kuti vashande kunatsa hukama hwavo
nemumwe nemumwe.

VECHIDIKI

Kubatanidzwa kuMhuri Yangu Nokusingaperi

NaLaura Burton

Apo pandakatorwa semwana wevamwe vabereki
Andiine makore matatu, amai vangu vakandibe-
reka vakabvumira kuti kutorwa nevamwe vabereki uku
kupedziswe chete kana vabereki vangu ava vabvuma
kuti zvisungo zvangu zveChechi zvizoitwa mushure me-
kunge ndasvitsa makore gumi nemaviri. Vaifunga kuti
ndaifanira kuva ndakura zvakanakwana kuti ndiite saru-
dzo (yekugashira zvisungo zveChechi) ndega pachangu,
asi zvakananga zvakaoma zvikuru kumirira.

Hongu, zvakananga zvakananga kuona shamwari dzangu
dzichibhabhatidzwa apo pavaisvitsa makore masere,
asi chakananga chakanyanyisa kuoma kwaiva kuziva kuti
handaizokwanisa kusunganidzwa kuvabereki vangu
vakanditora ava nevakoma vangu nehanzvadzi dzangu
vakuru kwandiri vashanu kusvikira ndava nemakore
gumi nemaviri. Ndakananga ndichitya kuti chimwe chinhu
chaizoitika kwandiri uye ndaisazokwanisa kusungani-
dzwa kwavari.

Apo pakanga pavakusvika zuva rekuzvarwa kwa-
ngu regore rechigumi nemaviri, takatanga kuronga
zverubhabhatidzo rwangu nekusunganidzwa kumhuri
yangu. Vabereki vangu vakandibvumira kusarudza
temberi yataizosunganidzirwa mairi. Ndaigara ndi-
chifunga kuti temberi yeSan Diego California ndiyo

yakanga yakanyanya kunakisisa, saka mhuri yangu yose yakabvuma kuchaira motokari kuenda kuCalifornia kunosunganidzwa.

Zvakanga zvakaoma kumirira kuva mhuri yekusingaperi nevabereki nevakoma vangu nehanzvadzi dzangu. Panguva yekusunganidzwa kwangu, ndakanzwa Mweya zvakasimba zvikuru zvekuti zvakaoma kuzvita taura ndichishandisa mazwi. Iyezvino zvandakazobatanidzwa kumhuri yangu, manzwiro angu ekunetseka akatorerwa nzvimbo nenyaradzo nerunyararo, nekuziva kuti iyezvino ndabatanidzwa kwavari nekusingaperi.

Munyori wenyaya iyi anogara muUtah, USA.

VANA

Kutarisa kuTemberi

Mutungamiri Eyring vanotsanangura kuti nokuda kwehupirisita, tinemukana wekuenda kutemberi kuti tinosunganidzwa pamwechete nemhuri yedu zvekusingaperi. Tara kana kuti tsvaga mufananidzo wetemberi yaunodisira uye wouchengeta munzvimbo yaunouona mazuva ese. Ita udorongodzwa hwemagadziriro auchaita kuti uende kutemberi rimwe zuva.



Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Hunhu hwoHumwari hwaJesu Kristu: Hunhu Hwakanaka

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa hunhu hwehumwari hweMuponesi kunozowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.

Ichi chikamu chezvinyorwa zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso yeKushanyirana zvinoratidza hunhu wehumwari hweMuponesi.

Regai hunhu hwakanaka hushongedze pfungwa dzenyu zvisingaperi; zvino ruvimbo rwenyu rwuchasimba pamberi paMwari; uye dzidziso yehupirisita ichawira pamweya yenyu sedova rinobva kudenga” (D&Z 121:45).

Chii hunhu hwakanaka? Mutungamiri James E. Faust (1920–2007) vakati: “Hunhu hwakanaka mukunzwisiswa kwahwo kuzere hunosanganisira tsika dzeururami dzinotibatsira kuumba chimiro chedu.”¹ Mutungamiri Gordon B. Hinckley (1910–2008) vakawedzera kuti: “Rudo kuna Mwari ndiwo mudzi wehunhu hwakanaka hwese, werunako rwese, wesimba rose rechimiro.”²

Nezve hukama pakati pemadzimai nehunhu hwakanaka, Gosa D. Todd Christofferson veChikwata cheVaapositora Gumi neVaviri vakati: “Madzimai vanozvarwa vaine humwe hunhu hwakanaka, chipo chehumwari chinovaita kuti vave neunyanzvi pakukurudzira tsika dzakaita serutendo, ushingi, kunzwira tsitsi, uye runako muhukama nemutsika dzevanhu. . . .

“Masisita, pafambidzano dzenyu dzose, hukama hwenyu naMwari, Baba venyu Vekudenga, vanova manyuko esimba rehunhu hwakanaka, ndihwo hwamunofanira nguva dzose kuisa pekutanga muhupenyu hwenyu. Yeukai kuti simba raJesu rakauya kuburikidza nekutendeka Kwake kusingazunguzike kuchido chaBaba. . . . Edzai kuva rudzi irworo rwemudzidzi waBaba neMwanakomana, uye kurudziro yenyu haizofa yakanyangarika.”³

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mapisarema 24:3–5; VaFiripi 4:8; 2 Petro 1:3–5; Aruma 31:5; D&Z 38:23–24

Kubva muMagwaro Matsvene

Nhasi, madzimai ane hunhu hwakanaka, vazere nerutendo, vanotsvaga rubatsiro kuMuponesi. Muna Ruka 8 tinoverenga nezve mudzimai akanga aine chirwere chekubuda ropa kwemakore gumi nemaviri chakanga chisingakwanise kuporeswa. Akatsvaga kuporeswa apo “paakauya mumashure [maKristu], akabata mupendero wenguvo yake: pakarepo kubuda kwake kweropa [kukaguma]. . . . Asi Jesu wakati, Mumwe wandibata: nokuti ndanzwa

kuti simba⁴ rabuda kwandiri.” Mudzimai yu ane hunhu hwakanaka akatendeka akawira pasi pamberi Pake, achizivisa “kwaari pamberi pavanhu vose” kuti “akanga amubata” uye “akaporeswa pakarepo. Uye akati kwaari, Mukunda, kutenda kwako kwakuporesa, enda hako norugare” (ona Ruka 8:43–48; onawo 6:17–19).

Kuburikidza nehunhu hwakanaka Hwake,⁵ Kristu anokwanisa kuporesa, kugonesa, kusimbisa kunyaradza, nekufadza apo patinosarudza neushingi nerutendo kutsvaga rubatsiro kwaAri.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. James E. Faust, “The Virtues of Righteous Daughters of God,” *Liahona*, Chivabvu 2003, 108.
2. Gordon B. Hinckley, “Excerpts from Recent Addresses of President Gordon B. Hinckley,” *Ensign*, Kubvumbi 1996, 73.
3. D. Todd Christofferson, “The Moral Force of Women,” *Liahona*, Mbudzi. 2013, 29, 31.
4. Hunhu hwakanaka hune simba (ona Marko 5:30).
5. MuNhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Hupirisita” hunotsanangurwa se: “Mvumo nesimba izvo Mwari vanopa kumunhu kuti aite zvinhu zvose muruponeso rwevanhu” (D&Z 50:26–27).

Funga Izvi

Hunhu hwakanaka hunotipa mvumo nekutisimbisa sei?